Соколёнок

1/2013

# ЛАЧЕН

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИ-КІИ МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# ГIазул гIадан



Азбаралда лъималаз
ГIазул гIадан гьавуна.
ГIадалтIа ведроги лъун,
Гьесий тIагъур гьабуна.

ТIагъур лъураб гIолебищ,
Берал хIажалъиларищ?
Берцинаб дунялалъухъ
Балагьизе ккеларищ?

ГIалица тIокъодаса
ТIорччол гарал рачIана,
ТIокIал гьайбатал берал
Гьесие киса щвелел?

Басрияб пальто бихъун,
Сукнодул шарф гьабуна.
Гьанже гьав квачаларин
Лъимал рокъоре ана.

Радалалде гIазул чи
Азбаралда ватичIо.
Къаси хинаб гьороца
Цадахъ вачундай ана.

Лъимал ургъел ккун руго,
Араб бакI лъалеб гьечIо.
КIодо елъулей йиго
Ведро гъоркьго тун бугин.

# ГІодула, гІодуларо
(хабар)

**Мухlамад Шамхалов**

Бихьулищха цо ккараб жо! РакІалдаго гьечІого къацандана ва барщана кІиго лъикІав гьудул.

БатІалие бокьун букІана жинца бицунелда ТІайиб божизе. Гьев кинго божулев вукІинчІо.

- Кин гьеб гІодулеб, кІалги гьечІеб, бералги гьечІеб, мегІерги гьечІеб мехалъ? – ан абуна ТІайибица.

- ГІодула, гІодула! – ян такрар гьабуна БатІалица. – Дидаго бихьана.

- ГІодуларо, гІодуларо! – ян тІирун чІана ТІайиб.

Гьедин, цоцаздаса бергьинелъун, рикІкІунеб букІуна гьез «гІодула-гІодуларо». Нусго-кІинусго нухалъ абун ратила гьез гьел рагІаби.

Ахирги ТІайибида чІалгІана, гьев барщана.

- Мун гьерсихъан вуго! Дун тІокІав мунгун кІалъазе гьечІо! – ян абуна гьес, буризарун кІутІбигун.

Гьеб рекІее гІечІо БатІалие. Пашманго валагьана гьудуласухъ. Гьесие бокьичІо къун чІезе, жиндирго рагІудаса инкар гьабизе.

ТІайиб ана. Жиндирго рукъалъул кІалтІе щвараб мехалъ, кьурунги вуссун ахІана:

- ГІодуларо! ГІодуларо! Гьелда гІодизецин лъаларо! Мун гьерсихъан вуго!

Гьединги абун, рокъове ана ТІайиб.

- ГІодула! – ян абуна живго хутІарав БатІалица, жиндаго гурони рагІулареб хІалалъ. – Дир эбелалдагицин бихьанагури.

БатІалида ургъел чІвана. Щиб гьесда гьабилеб, цохІо вугев гьудул барщун чІани. Ясал гурони, азбаралъув цониги васги гьечІо. Ясалгун торгІо кин хІалеб? Кварги цІан, гьелда тІасан кІанцІезе гурони гьезда лъаларо.



Нахъисеб къо букIана базаркъо. БатIал живго цохIо вукIана азбаралъув. Гьев цIакъ вохана ТIайиб ваккун вачIараб мехалъ. Гьесда цадахъ вукIана цо гьитIинав васги. «Гьанже лъабалго хIала!» - ян ккана гьесда ракIалде. КIочон тун букIана гьесда сон ккараб къец. Малги бан, ТIайибихъе боржинабуна гьес кодоб букIараб торгIо. ТIайибица гьелде кIварго кьечIо.

- Гьанжеги абилищ дуца гIодулилан? — гьикъана гьес, вугелъувги чIун. — Гьале гьасги абуна гIодуларилан. Лъималаздаги кIододаги гурони, гIодизе лъаларо.

БатIалие цIакъ бокьун букIана гьудулгун торгIо хIазе. Цо дагьалъ вуцIцIунги чIун, хIеренго абуна гьес:

- ГIодулаха, ТIайиб, бокьани дурго эбелалдаги гьикъе.

- ГIодуларо! ГIодуларо!

- ГIодула.

Гьанжеги байбихьана, кечI гIадин, добго «гIодула, гIодуларо» ахIизе. БатIалица цо нухалъ абуни, ТIайибица лъабго-ункъо нухалъ абулеб букIана. Лъаларо гьеб къец кида лъугIизе букIарабали, ТIайибил кIудада Муслим-кIуди тIаде вачIинчIевани. Гьев гIенеккун чIана.

- Гьаб щиб нужеца ахIулеб кечI? — ан абуна гьес, лъималазда аскIовеги вачIун.

ТIайиб цIакъ вохана гьединаб хIажатаб заманалда Муслим-кIуди вачIиналдаса. Гьес абила БатIалида гьерсал рицине бегьуларилан. БатIалидаса цебе ккезабун живго лъугьана Муслимие бицине жидерго къецалъул.

- Гьас абулеб буго, кIуди, цIибил гIодулила, гьелъ магIу тIолилан. Гьелъул кверал ругила, жибго жинцаго бухьинеги кIолила гьелда. БукIунищха гьедин? Кинха гьеб гIодулеб, кIалги, гьадинаб мегIерги, бералги гьечIеб мехалъ?

- ВахI, гьединищха гьас абулеб бугеб? — ан абуна Муслим-кIудица. — ГIенеккизе ккела гьесухъ. БатIал, бицея кин гьеб гIодулеб, кида гIодулебали?

БатIал хIинкъун вукIана ТIайибил кIудицаги гIодуларин абилилан.

- ЦIибил гIемер бижизе, инсуца гьеб чIарала, - ян абуна гьес, бабадулаго. — Гьелда унтулеб батилаха, къотIарабго, магIу чвахизе байбихьула. КIиго къоялъги гIодула гьеб. Эбелалъ гьелда гъоркь стакан лъола. ЦIолбол магIу даруяб букIунилан абулеб рагIана гьелъ дида.

ТIайибие рекIее гIолеб букIинчIо кIудица, вуцIцIунги чIун, бетIер гьанкIулеб букIин.

- Дуца абуна гьелъул квералги ругилан, - абуна ТIайибица. — РукIунищха?

- Гьадинал нилъер гIадал кверал рукIунаро гьелъул.

- Молодец, БатIал, - ян абуна Муслим-кIудица. — Унго-унгояв агроном вахъина дур.

КIудияв чиясул рецц-бакъалдаса чIухIарав БатIал жиндаго лъалебщинаб жо бицине лъугьана.

Гьайгьай, гьес абичIо лъалъазе, рак базе кколилан. Гьеб буго гIисинлъималаздацин лъалеб жо. Гьес абуна:

- Ракь гьанкIулагоги, гIолохъанаб гъветI хъарсизе бегьуларо. Лъукъани, гьеб унтула, цинги бакъвала. Дачаялда дица гIезабулеб буго помидорги охцерги. Гьел хIинкъула жемухералдаса. Щайгурелъул гьелъ рижулел гъанкъула. ЦIиризе толаро дица гьеб хер.

- Гъав дур гьудуласда гIемераб жо лъалеб бихьула, ТIайиб, - ан абуна Муслим-кIудица, бетIерги гьанкIезабулаго. Гьесдаса ругьунлъизе ккела мунги.

ТIайиб бетIерги дализабун чIана, цинги «Мун витIарав вукIун вуго, БатIал», - ан абизе бокьарав гIадин, гьудуласухъ валагьана.






## ЦIИЯБ ШКОЛАЛДА ЦIАЛУЛЪ БЕРГЬЕНЛЪАБИГУН

Исанасеб цIалул сон цIияб школалда байбихьана Буйнакск районалъул ЧIикIаб росулъа лъабнусгоялдаса цIикIкIун цIалдохъанас. ЦIияб школа рагьизеги, гьеб лъималазда баркизеги рачIун рукIана чIахIиял ва хIурматиял гьалбал. Гьезда гьоркьор рукIана: РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Хизри Шихсаидов, РДялъул диният идараялъул вакилзаби, Буйнакск районалъул нухмалъулел, цо-цо мажгитазул имамал, исламалъул гIалимзаби ва жамгIиял хIаракатчагIи.

ЧIикIасезул лъималазе лъикIал шартIал рукIана цересел соназ гьел цIалараб ГIумаровасул цIаралда бугеб лицеялдаги. Дораги рукIана компьютераздалъун хьезарурал классалги, кинабго хIажатабщинаб жо жаниб бугеб мастерскаяги, спортзалги ва гь.ц.

Амма букIана цо гIунгутIиги. Лъайгун тарбия кьеялъул рахъалъ Дагъистаналдаго машгьураб лицеялде хьвадизе захIмалъулеб букIана кIудияб ЧIикIаб росдал рикIкIада авалазда гIумру гьабулел гIисинал лъималазе. Гьале гьанже тIубана гьитIичазул анищ. Гьезул аваламда рагьана гьайбатаб, гвангъараб, цIияб школа. Рагьана нилъер заманаялъул киналго тIалабазда данде кколеб куцалъ бараб школа.

Цебехун бицанихъе цIияб школа рагьизе гьедигIан гIемерал гIалимзабиги, машгьурал магIарулалги, батIи-батIиял миллаталъул церехъабиги рачIиналъе цоги гIилла букIана. ЧIикIаб росдал № 2 школалъе доб къоялъ кьуна дагъав цевегIан нилъедаса ватIалъарав





машгьурав шайих СагIид-Апандил цIар. Гьеб цIаралъги цIикIкIараб кIвар буссинабун букIана цIияб школа рагьиялда хурхун тIобитIулеб гьеб тадбиралде. Къокъ гьабун абуни, кIочонареб байрамлъун лъугьана № 2 школалъул цIалдохъабазе цIияб цIалул соналъул байбихьи.

Дагъистаналъул киналго халкъазе хирияв шайихасул цIар лъураб школалда, гIицIго лъикIал къиматалги росун цIализе кколеблъи лъалеб бугоан лъималазда. ТIадегIанаб даражаялда тарбия бугеллъун лъимал куцазе кколеллъи лъала № 2 школалъул мугIалимзабаздаги. Гьезул гIемерисел цересел соназ хIалтIулел рукIана ГIумаровасул цIаралда бугеб лицеялда. Гьениб кидагосеб кIвар буссинабулаан лъимал бахIарчиял ва захIмат хириял умумузул мисалазда куцаялде. Гьеб гуребги мугIалимаз хIаракат бахъула халкъалъул тарихги лъикIал гIадаталги цIалдохъабазда лъазаризе. Ва Авар адабияталде адаб бугеллъун лъимал лъугьинаризе. Гьедин хIалтIи гIуцIиялъ ГIумаровасул цIаралда бугеб лицей Дагъистаналдаго машгьураб буго. Лицеялда хIалтIун щвараб гьеб лъикIаб хIалбихьиялдаса мухIканго пайда босулеб буго жакъа № 2 школалъул гIемерисел мугIалимзабаз. Гьелъ кьолел хIасилалги гвангъарал руго.

Адабияталде адаб цIикIкIарал цIалдохъаби гьенир рукIиналъе мисал босилин. № 2 школалда цIалулев вуго 300 – ялдаса цIикIкIун цIалдохъан. Гьездасан 150 цIалдохъанасе бачIуна «Лачен» журнал. ЧIахIиял классалъул цIалдохъабаз хъван буго «ХIакъикъат» газета. ЯсикIабазул театралъулгун къотIи гьабун буго зама-заманалда гьел ЧIикIаре рачIине ва лъималазда цере рахъине. Гьединал мисалал гIемер рачине рес буго ЧIикIасезул кIиабилеб школалъул лъикIал ишазул бицунаго.

Ахиралдаги рехсезе бокьун буго гьел киналго ишазулъ тIокIлъи бихьизабулел мугIалимзабазул цIарал. Гьале гьел: Мамакаев ХIажи, ХIусенова Загьра, ГIабдулаева Зугьайрат, Мажидова Аминат, ГIабдурахIманова Мадина ва гь.ц.

№ 2 школалъул бищунго мисалиял цIалдохъаби ккола: ХIажиева Загьидат (6 класс), Халидов МухIамад (7 класс), Меджидова Разият (8 класс), Дибиров Багьавудин (5 класс).

*Мурад Хириясулаев*



# Хасел

**МухIамад Гъазиев**



Гьале бачIана хасел
ХъахIаб тIимугъги ретIун;
КъватIал гачалъ рохьана,
ТIохазда квасквас лъуна.

КвартIагун магIал росун,
Нухазда цIер кьабуна.
ГъутIбузда цIакъ хъегъарал,
ХъахIал тIагърал тIад лъуна.

Дун гъотIоде вахана,
Хапун тIагъур бахъана,
Амма гьеб биххун ана
Эбелалъул гIатI гIадин.

# Конфетал



Дица вегулеб мехалъ
Столалда лъун тарал
Конфетал тIагIун руго,
Конфетал тIагIун руго.

Лъала, лъала кире дол
Конфетал аралали:
Дица кьижараб мехалъ
Кванан ратизе руго.




# КIОДОЛ МАРГЪУ

Нижер росда сверухъ руго зодоре арал бегIерал тIогьазул мугIрул. Щибаб мегIералъул тIогьиб буго ганчIил си. Росулъ тIохаздеги рахун, рахъун чIовухъе накъиталда ругел росуцоязда релълъун рихьулаан дида гьел сиял. Цо нухалъ кIодолги дирги ккана гьадинаб гаргар:

- КIодо, дол сиял лъица рарал?

- МугIрузда сиял ран рагIула, дир вас, гIухьбуца.

- Гьезие гьел ран щай?

КIодо ургъана ва кIваралда кIалъазе лъугьана:

- Иш ккун буго некIо заманалда. Хаслихълъи тIаде щведал гIиял рехъабигун авлахъалде гочине лъугьун руго гIухьби. Гьезда хадурго рачIунел рукIун руго мугIрулги. «Нуж кире, щай гочунел? - абун гьикъидал мугIруз жаваб кьун буго: «Нужги ун нижер ракI гъезехъин гьечIо, гьединлъидал цадахъ гочизе къасд ккана нижер» - абун. Гьал мугIрул гочун ани ихдал жал кире руссинел абун ургъел ккун буго хIухьбузда ва сихIру ургъун буго. Къаси мугIрул гьапуллъараб мехалъ дора-гьанир сиял ран руго. Радал хъахIлъи лъалелде жалгоги гочун руго авлахъалде. Бакъ эхеде бахараб мехалъ рорчIун руго мугIрул. Балагьидал гьезда сиял гIухьбиян ккун руго. Заман индал бичIчIун буго гьел ганчIил сиял рукIин. РукIаниги гьездехун ругьунлъарал мугIрул ругеб бакIалда чIун руго. ГIухьбуздего гIадин сиязде ракIги гъолеб букIун буго гьезул. Гьелдаса гIемер заман ана, амма гIухьбуз риххарал сиял цIидасан рала, гьел цIунула, - абун лъугIизе тана кIодоца хабар.

Гьедин нижер росулъ бижана цоги берцинаб маргъу.



## БАЦІГИ ГЪОТІОРКІОГИ

Рехъалъа кьегIерги хъамун, тIурун унеб букIанила бацI. Цо гъотIокье щвейгун, гьелда чIинхъи чIванила. ГъотIода чи вугиланги ккун, гIодобе кьегIерги рехун, рекIетIа гьечIого, тIуранила. Дагьаб добегIан щвейгун, лъалхъизеги лъалхъун, нахъ балагьанила. ГъотIода чи вукIун гьечIила, рохти борлъулеб гъотIоркIо букIун бугила. «Дуда чIегIераб къо чIад!» - ан абунила бацIица гьелда.

- Мун кидаго, квартIа гIадин, кIетIелебги букIуна, амма дур устарги киданиги бахъинчIо!

ГъотIоркIоялъ данде гьадин къотIанила: «ЧIегIераб къоги, бацI дудаго чIаги! ГIумру чахъаби рикъулаго аниги, дурги гIияхъан лъугьинчIо».

Гьалда щай жиб кIалъарабан ракIалдеги ккун, бацIица хазабунила.

## БАЦІГИ ЦІЦІЕГИ

ЦопарсибкваналебцIцIебихьанила бацIида. ЦIакъ гьелде хьул лъураб гIадин лъугьанила, амма парсибе нух букIинчIила. Чара хвараб бацIица цIцIеде ахIанила: «Мун гъоркье бачIунебани, гьаниб байданги битIараб буго, херги гьуинаб буго!» - ян.

ЦIцIеца данде ахIанила: «Дир ургъел гуро, бацI, дуе бугеб, дурго чохьол ургъел буго!» - ян.

## ГЬОЙГИ РАКЬАГИ

КIалдиб ракьаги ккун, кьодасан унеб букIанила гьой. Балагьанила лъелъе – бугила гъобаги, кIалдиб ракьаги ккун, цо гьой. Гьелъухъ бугеб ракьа лъикIаб батилилан ракIалде кканила. Жиндихъго букIарабги лъелъе рехун, речIчIанила рагIалалда тIад. Жиндирабгоги тIинде анила, лъелъ бихьарабги щвечIила.



## ТIЕХЬАЛДА РУГО:

Цияб сон............................................2
Шурун къверкъ.................................3
Хасел....................................................5
НакIкI...................................................6
Къадако...............................................7
Роол сордо..........................................8
ЧIугIа...................................................9
ХIелкал..............................................10
Иццухъ.............................................. 13
ЦIад.................................................. 15

ТIехь авар маццIалде буссинабуна М. Хириясулаевас.

ББК 08 АВ

Редактор М.Хириясулаев
Художник М.Муталибов
Тех. ред. Т.Лузина
Сдано в набор 03.12.2012 г.
Подписано в печать 12.02.2013 г.
Ус.печ.л.I
Тираж 1352 экз.
Заказ № 45



# Аминат Абдулманапова



# КучIдул



## ЦIИЯБ СОН

ЦIияб сон тIаде щвана,
ЦIорол дада вачIана,
ЧIухIараб гIурчмагъотIокь
Кьурдана, расандана.



## ЦIАД

Зоб багь-багьараб гIадин,
Чвахун балеб буго цIад.
ЦIалкIу лъугьараб гIадин,
ГIекколеб бихьула накIкI.

Чвахе, чвахе, хинаб цIад,
Хурзазе регьел щвезе,
Щенон бай гъутIбузукье
Кьалбазул къеч буссине.

ТIугьдузулгун хурдузул
Хуле, цIад, дуца гьурмал.
ГьезтIа чIараб хIур бацIцIун,
ЦIвак-цIвакизабе байдан.



Нух битIаги их дуе
Хехго лъарахъе щвезе,
Цинги лъаралги цолъун
Цо гучаб гIор лъугьине.



ГIанаби багIарлъарай
Берцинай гIазул бика,
Киназего йокьана,
Гьелъ сайгъатал рикьана.

Гьедин гьайбатаб байрам
Бокьун гьечIо лъугIизе,
Лъималазе кеп буго,
Киназего лъикI буго.

## ЩУРУНКЪВЕРКЪ

Щурун уна щурункъверкъ
Щибаб къойил рохь къотIун,
Щибго гIедегIичIого,
ГIодобиччан, сабурго.

Гьеб лъихъе гIедегIилеб,
Гьеб кибе хIалакинеб,
Кибего къокъунелъул
Рукъ цадахъ бугеб мехалъ.





## ИЦЦУХЪ

ГІодор накабиги чІван,
ИццтІе къулун вуго дун,
КигІан лъим гьекъаниги,
Къеч буссунеб гьечІо дир.

Иццул лъадада цадахъ
Дир кІутІбуз цІцІулеб буго
РоцІараб зодил кьерги
Ракьул нусго дарманги.

Лъалаго дир чорхолъе
Чвахулеб буго сахлъи,
КъвакІарал ччорбалъеги
Лъугьунеб буго къуват.

Иццухъа чвахун унеб,
Чабхилъан кІичІардулеб
ЧІухІараб иххил кучІдуз
Керен-ракІ беэдула.





## ХАСЕЛ

Радал тӀаде вахъана,
Гордухъан валагьана,
Киналго мугӀрул руго
ГӀазул тӀингъалги ретӀун.

ТӀамах гъараб гъотӀода
Гъудул кӀусун рихьула,
Гьел данде къалел руго
КъватӀиб квачан батила.

Дица партал ретӀана,
БухӀараб чай гьекъана,
Чанагъги хадуб цӀацӀан
ЦӀертӀа хъештӀезе ана.

* * *

БачӀун хасел щварабго,
ТӀад гӀазу рещтӀарабго,
ГӀолохъанаб гъветӀгицин
ХъахӀлъана херав гӀадин.

# НАКІКІ

Бице, бице, бецІаб накІкІ,
Бахчулеб щай дуца бакъ?
Гъелъул хинлъи камуни,
Квачаларищ гьитІичал?





КъетІе ялъуни тІохде
ТІаде, тІадеги рахун,
ЧІухІун ахІдей гурони,
ХІелказда кІолеб жо щиб?

Рогьел гІагарлъарабго
ГІе-гІедизе лъугьуна,
ЛъикІаб макьуги тІурун,
ТІаде рахъине ккола.

Гьелъул бицинароан
ГІамал кІудиял хІелкал
КъватІул хІелкалгун рагъун,
Ругъналги щун рачІуна.

Дун ургъалабалъ йиго
Рагъидул рагІалда чІун:
- Гьедин гІантго хьвадизе
ГІанкІабаз кин дол толел?

## ХIЕЛКАЛ

Киназего хириял
Ханал гIанкIабаз кьола.
МоцIалъ къурщида тIад чIун,
ТIанчIиги гьез рахъуна.





Бице, бице, бецIаб накIкI,
Бикъулеб щай дуца моцI?
Долъул канлъи гьечIони
Кин инел азбаралде?

Дие жаваб кьечIого
Кьерхун чIана бецIаб накIкI.
БукIкIинабун гъумергун
Гьеб цIакъ ццидахун буго.

## КЪАДАКО

Радал бахъун къадако
КваритIа тIад рещтIуна,
Кваразда бугеб токалъ
Кин гьелда хIанчIулареб?

Токалъулгун махсаро
Гьабизе лъикIаб гьечIо,
Лъималазда лъалеб гьеб
Лъалеб гьечIо къадкида.

## РООЛ СОРДО

Сордоккун хIорихъ къуркъби
Къвакъвадилел рукIуна,
РогьинегIан гьезул кечI
Кидаго къотIуларо.





ГIурччин харилъ гарцIалги
ЦIирцIидилел рукIуна,
Зодихъ цIваби свинегIан
Сасунаро гьезул кечI.

ГIицIго гIужрукъ хIалтIула,
ХIалхьи гьелда лъаларо,
КечI ахIизе, кьурдизе
Заманги батуларо.

## ЧЧУГIА

Чода рекIараб гIадин
КIанцIелеб буго ччугIа,
Цо карачелалдаса
Цоги карачелалде.

ХIатIалгун куркьби гьечIеб
Кинан кIолеб кIанцIезе?..
Гьедин ччугIихъ балагьун
Гьалгъан хутIун вуго дун.




## ГЬАБИХЪЕ ИН

Цо нухалда Малла Насрудин гьабихъе анила. Цояб гьабихъ Малла Насрудинил тIощел банила, цогидалда батIиясул тIощел ххунеб букIанила. АскIов вукIарав чи къватIивехун ингун, Малла Насрудиница гъосул ханжу жиндиралдего тIаде базе байбихьанила. Цо заманалда жаниве лъугъун вачIанила гъов чи. Гьесда вихьанила Малла Насрудин жиндир ханжу бикъулев. Гьес Малла Насрудинида абунила:

- Малла Насрудин, дуца гьабулеб жо щиб? – абун.

Малла Насрудиница гьесие жаваб кьунила:

- Цо-цо мехалда гIакълу хиса-басун, гIадаллъун лъугьун, гьадинал жал гьарулеб гIузру гурищ дир баккун бугеб, - абун.

- ГIадаллъун вугев ватани, дираб ханжу дуралде тIаде бачIого, гъоб дураб ханжу диралде тIаде щайха бачIеб? – абун гьикъанила гъов чияс.

- ВахI, гьедигIанго цIакъ гIадаллъунги гьечIоха, - ян жаваб кьунила Малла Насрудиница гьесие.

## МАЛЛА НАСРУДИНИЛ ЧАГЪАНА

Цо сордоялъ Малла Насрудин вукIанила цо бечедав чиясул тукен бикъулев. Тукада жаниве лъугьине къваригIун, гьес гордазда ккураб маххул хьури гIисинаб бакъаналъ хъухъалеб букIанила.

Цо жо хъухъалеб гIадаб гьаракь рагIун, рукъалъул бетIергьан вакканила тIаса рукъалъул гордухъан къватIиве. БецIаб сордоги букIун, Мала Насрудинида аскIове вачIинеги хIинкъун, тукадул бетIергьанас ахIанила:

- Ле! Мун щиб гьабулев чи гьенив? - абун.

- Дун чагъана хъвалев вуго, - ян жаваб кьунила Насрудиница.

## КИНАЛ КIУДИЯЛ

Цо чияс Насрудинида гьикъанила:

- Вацги мунги кинал нужер кIудиял? – абун.

- Гъоркьиса инсуца абулеб рагIун букIана дидаса вац цо соналъ кIудияв вугилан. Гьелдаса нахъе дурус лъагIел тIубана. Гьанже дир хIисабалда, ниж кIиялго ращадал рукIине ккола, - ян абунила Малла Насрудиница.



# Редакциялъул почалдаса

## ХIУРМАТИЯЛ ГЪУДУЛЗАБИ!

Лаченалъул иргадулаб номер хIадур гьабулаго нижехъе щвана ГIахьвахъ районалъул Ингердахъ росдал школалдаса кагъат. Конверт рагьидал гьенир ратана цIалдохъабаз хъварал асарал. Гьездаго цадахъ бугоан авар адабияталъул учитель Шагьрудин Къурбановасул къокъабго кагъатги. Гьелдасан бихьулеб буго Ингердахъ школалда гIуцIун, литературияб кружок хIалтIулеб букIинги, авар адабияталде адабияб бербалагьи цIикIкIарал цIалдохъаби гIолел рукIинги.

Ругоан гьеб кагътида «Лачен» журналалъул рахъалъ абурал хинал, гьединлъидал батила ниже хиралъарал рагIабиги. Рехселин гьениса цо-цо мухъал: «Нижер лъималазулкучIдулрахъула «Заман» ва «ХIакъикъат» газетазда ва бищунго бокьулеб хIурматияб «Лачен» журналалъул гьурмазда. ЦIакъ рохула гьелги цIалун нижер цIалдохъаби. Баркала нужее киназего диргоги цIалдохъабазулги рахъалдасан».



ХIурматияв Шагьрудин, хIурматиял Ингердахъа лъималал! Баркалаги кириги камун хутIугеги нужги гьаб гIумруялъго. Цоги нухалъ нуж рази гьаризе рахъулел руго нужер кучIдулги. ХутIарал хадусел номераздаги лъеларищха.

Саламгун нужее кидаго канлъи, сахлъи, лъикIлъи гьарулел «Лачен» журналалъул хIалтIухъаби.

# ИНГЕРДАХЪА ЛЪИМАЛАЗУЛ КУЧIДУЛ

## ХИРИЯЙ ЭБЕЛ

Дир гьаб гIумруялъе
Маяклъун чIарай
Йокьула дие мун,
Хирияй эбел!

Дун сабаблъун дуца
Сардал рорчIана,
Каранде дунги къан,
Ахги бачана.

Дур насихIаталъги
ГIакълу-лъаялъги
Куркьбал гъуна дида,
Хирияй эбел.

Дица дуе эбел.
Гьеб киналъухъго
Накаби гIодор чIван,
Баркала кьола!

Эбел камураб къо –
Къваридаб сухъмахъ,
Гьей аскIой гьечIони
ЧIамучIаб гIумру.

*ХIажиева Хадижат,*
*9 «а» класс*

## ДИР ЧIУХIИ ЙИГО ЭБЕЛ!

Дудаса дун йохула,
Дудаса дун чIухIула,
ЧIвараб байрахъ гIадинай
ГIамал берцинай эбел!

Унго цо дур хIеренлъи,
Унго цо дур хIалимлъи,
ХIасратай дир хирияй
Хазина йиго эбел!

Эбелалъ ниж хьихьула,
Хьит-парталги къачIала,
ГIужда хIисабги гьабун,
Квен-тIех кьун, реэдула.

Макьилъ гIемер йихьула,
ГIадлу бокьулей эбел.
Аза-азар баркала
Кидаго дуе нижер!

*ГъазимухIамадова Бурлият,*
*9 «б» класс.*






## АВАР МАЦӀ

**1. Хадур рехсарал рагӀабазде цоги рагӀабиги журан, цӀиял рагӀаби лъугьинаре:**

**Аз +**
**Ал +**
**Анкь +**
**Ах +**
**Багьа +**
**БагӀар +**
**Бал +**

**ТӀаде журазе рагӀаби ралагье гьал хадур рехсарал рагӀабалъа: кан, гӀеч, дур, ада, цӀул, жан, бар.**

**2. Гьал рагӀабазде цереги хадурги рагӀабиги журан цӀиял рагӀаби лъугьинаре:**

**+ уна +**
**+ аз +**
**+ цӀад +**
**+ гьан +**
**+ багӀар +**
**+ ин +**
**+ гӀор +**

**ТӀаде журазе рагӀаби рище гьал рагӀабалъа:**

**аб – чи, агъ - гьечӀ, бацӀ – аб, бетӀер – чи, бецӀ – аб, би – аби, бо – цо.**

**3. Маххквен абураб рагӀулъ анкьго батӀияб рагӀи бате.**

**Мисалалъе магъало абураб рагӀулъ батула ма-а-гъал-ал-ало абун щуго рагӀи**

# МАХСАРАБИ





## БУГО ГIАКСАЛДА

Хважахъида аскIовеги вачIун ГIалица абуна:
- Къарзалъе деррол сакъис кье, - ян.
- ГьечIо дихъ сакъис, - ан жаваб кьуна васас.
- ГьечIоялъул магIна щиб? - ан лъугьана ГIали.
- ГьечIо ккола, буго гIаксалда, - янги абун Хважахъица рокъобехун хазабуна.

## ЦIОДОРАБ ПОПУГАЙ

- Дуца гурищ, Хважахъ, абун букIараб дур попугаялда гаргадизе лъалин. Дунгун щайха гьаб кIалъалареб?
- БитIараб бицине бегьуларев чи батIа гьавизе лъала гьелда. Гьедин буго гьеб мунгун гаргадулареб.

## РАХЬ ЖУБАРАБ ЛЪИМ



Васас гьекъон стаканалъуб хутIараб рахьги кIалдибе босун, эбелалъ абуна:
- Жакъаги рахьдада лъим жубан бихьула, Хважахъ, дуца.
- Валлагь гьедин гуро, баба.
- Дуца рагIи кьун букIанагури лъим тIечIого рахь гьекъелилан.
- Дица рагIи холаредухъ лъетIе тIадеги тIун гьекъанаха рахь.






Цо гьитIинай яс йиго
Сумая – ян цIар лъурай,
СуратгIанги берцинай,
Бер кколейгIан цIодорай.

Дадаца дир моцIилан,
Бабаца дир цIвайилан,
Цоцахъа яхъулаго
Еэдула Сумая.

ДахIададаца гьелъий
ЛъикIал кучIдул
рикIкIуна,
РекIедаса инедухъ
Сумая елъанхъула.

Цинги дахIабабаца
ХIеренго кечI ахIула,
ХIанчIил куркьбал
кинигин
Кверал гьалъул пархола.

Дур цойги дахIабаба
Кий йигеян гьикъани.
Киша росулъ йигилан
Сумая гьим-гьидула.

Киназего йокьулей,
Кьолбего хирияй,
Хириясулаева
Сумая йиго гIолей.







ГьоцIо кIутIун
ЦIар лъурайги
Сумая,
ЦIибил кIутIун
КIал лъурайги
Сумая.

Хайдакъалъул
БагIар гIечги
Сумая,
ГIамбаралъул
ХъахIаб тIегьги
Сумая.

* * *

Елъулаго
КIал берцинай
Сумая.
КIалъалаго
Бер берцинай
Сумая.
ЧуричIого
БеркIал хъахIай
Сумая.
ХъвачIого
Кьенсер чIегIерай
Сумая.

# РАГІИКЪОТІАЛ



**ГІЕБЕДЕ:** 1. ГІурус маргъабалъа хъартай. 4. Зодиса чвахула... 7. Нартасул эбел. 9. Щулалъи. 10. ЦІатари 11. ЧчугІил чурпа. 13. Инсул яц. 15. Кверда къараб цІул. 16. Хьвани. 18. Щулалъи. 19. ГІатІ ххунеб... 20. Хьвани. 21. БогІол гІатІ. 23. ГІараб хІарп. 26. Раххан. 29. Сардил хІинчІ. 31. Яхъа гІакса. 32. Гьаракь гьаби. 34. Ралъдахъанасул чин. 36. Музыкалияб алат. 38. ЯчІана гІакса. 39. Кьенсералда гъоркь буго гьеб.

**ГІОДОБЕ:** 1. Ега гІакса. 2. Ракь бухъулеб алат. 3. Ракьул роцен. 4. ГъастІа... баке, ясс. 5. ТІагІел. 6. Щар чІвалеб хъаба. 8. ХІалел кагътазул цояб. 9. ХІинчІ. 10. Къед хъахІ гьабулеб ракь. 12. Пача. 14. ГІакъилаб калам. 17. Унтарасул гьаракь. 18. Хъуй. 21. Ролъул тІогь. 22. Хуриб баккулеб нигІмат. 24. РакІхвей. 25. Какде ахІи. 26. Къадруяб тухумалъул чиясул тІокІцІар. 27. ГьоцІиб гьабулеб хІалтІи. 28. «Воре мун школалда лъикІ... 30. Солдатазул ахІи. 33. ХІарараб ракь. 35. ГьоцІо гьабулеб рухІ-чІаголъи. 37. Доб гІаксалда.

## ГІЕБЕДЕГИ, ГІОДОБЕГИ:

1. ЦІул бухІидал хутІула гьеб.
2. Хъатир.3. Щулалъи. 4. Баи.

| 1 | 2 | 3 | 4 |
|---|---|---|---|
| 2 | | | |
| 3 | | | |
| 4 | | | |

## ГІОДОБЕГИ ГІЕБЕДЕГИ:

1. Ралъдал транспорт.
2. Какде ахІи.3. ТІохде рахунеб алат. 4. Мурад

| 1 | 2 | 3 | 4 |
|---|---|---|---|
| 2 | | | |
| 3 | | | |
| 4 | | | |



## КИЦАБИ

Хераб хIамил ракI кIудияб,
БахIараб хIамил
къуват кIудияб.

Мугь цIубанагIан,
тIор къулулеб,
ГIакълу щванагIан,
чи гIодове валагьулев.

ЛъикIав чияс квешлъи
гьабурасеги лъикIлъи гьабулеб,
Квешав чияс лъикIлъи
гьабурасеги квешлъи гьабулеб.

ХIалтIуца хIалтIи малъула,
БоцIуца мацI малъула.

## БИЦАНКIАБИ

Надалда чилла цIалеб,
Черхалда маргъал балеб?

Къаси цIолеб,
Радал чIобоголъулеб?

Мащуялъусан лъим гьекъолеб,
Лълъаранисан кваналеб,
БеганагIан кьаралъулеб,
КьижанагIан бицалъулеб?

Халатав чиясда къокъаб рачел?




# СОКОЛЕНОК
## №1/2013

Иллюстрированный детский журнал РД.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Правительство Республики Дагестан

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистационный номер ПИ №ТУ5-0025 от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.



Главный редактор
М. АХМЕДОВ

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ ( редактор)

Худ. редактор З. ДАГАНОВ
Тех.редактор Т. ЛУЗИНА
Художник номера М. МУТАЛИБОВ
Обложка А.КАЧАЕВ



Сдано в набор 03.12.2012 г.
Подписано в печать 18.02.2013 г.
Уч. изд. л. 4,92
Ус. печ. л. 2,79
Формат 60 х 84 1/8
Тираж 1840 экз.
Заказ № 45

ГУП Республиканская газетно-журнальная типография
г. Махачкала, пр. Петра I, 61

Государственное бюджетное учреждение
«Редакция республиканских журналов «Литературный Дагестан» и «Соколенок»
360725, г. Махачкала, ул. Горького, 6

**Аварский язык**

индекс: на год - 63277, на полугодие - 73902.